

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méhode Panalungtikan

Métode mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méhode nu pangalusna pikeun nalungtik hiji hal nya éta anu bisa méré hasil luyu jeung tujuan anu geus ditetepkeun. Méhode dina wangenan anu leuwih jembar dianggap mangrupa cara-cara, strategi pikeun maham realitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaanalisis runtuyan sabab akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung tiori, métode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem (Ratna, 2004 : 34).

Arikunto (1996 : 150) nétélakeun yén métode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Sacara gurat badag métode nu biasa digunakeun dina panalungtikan téh nya éta métode historis, métode déskriptif, jeung métode éksperimental (Surakhmand, 1989 : 29).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Méhode déskriptif nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara deskriptif wungkul, teu nguji hipotesis, teu nyieun ramalan, atawa teu meunangkeun ma'na implikasi. Tujuan panalungtikan deskriptif nya éta nyieun

gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu (Suyatna, 2002 : 14). Nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif téh

di antarana nya éta panalungtikan anu ngajéntrékeun, nganalisa jeung masing-masingkeun panalungtikan kalawan téhnik survey, téhnik interview, angkét, observasi, atawa téhnik test (Surakhmand, 1989 : 139).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupaten Bandung.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta :

1. Téhnik observasi

Dina hiji panalungtikan teu kawatesanan kana naon anu katempo wungkul, tapi ogé pangalaman anu katarima ku indera saperti dédéngéan, bau jeung rasa. Téhnik observasi aya nu sifatna partisipan nya éta panalungtik kalibét langsung dina kagiatan nu keur ditalungtik, jeung aya anu sifatna nonpartisipan nya éta panalungtik teu kalibet langsung dina kagiatan nu keur ditalungtikna (Danandjaja, 2002 : 197). Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan prak-prakkan tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupaten Bandung.

2. Téhnik wawancara

Gorys Keraf (1979 : 161) nétélakeun yén wawancara téh hiji cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat nu tangtu. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Désa Cigugur Girang anu patali jeung tradisi kawinan anu fungsina pikeun nambahan référénsi.

3. Téhnik dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu mangrupa gambar. Anapon anu didokumentasikeunana nya éta sakabéh barang jeung kajadian nu aya patula-patalina jeung prak-prakkan tradisi kawinan.

3.2. Instrumen Panalungtikan

3.2.1. Tip Rekorder

Tip rekorder digunakeun pikeun ngarekam proses ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung masarakat Désa Cigugur Girang.

3.2.2. Kamera Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngadokumentasikeun hal-hal anu aya patula-patalina jeung prak-prakkan tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang.

3.2.3. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prakna wawancara jeung masarakat, ngarah obrolanana museur kana tujuan nu hayang dihontal. Anapon pedoman wawancarana nya éta:

I. Biodata Informan

1. Wasta:
2. Umur:
3. Pakasaban:
4. Atikan:
5. Alamat:

II. Daftar Patalékan

1. Naha tradisi kawinan masih kénéh dipaké di Désa Cigugur Girang téh?
2. Aya upacara naon waé di jerona?
3. Kumaha prak-prakan upacara ngalamar, ngeuyeuk seureuh, seserahan, akad nikah, sungkem, nyawér, nincak endog, buka pintu jeung hupah lingkung téh?
4. Simbol jeung Ma'na naon waé nu nyampak dina upacara ngalamar?
5. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara ngeuyeuk seureuh?
6. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara seserahan?
7. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara akad nikah?
8. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara nyawér?

9. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara nincak endog?
10. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara buka pintu?
11. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina upacara huap lingkung?

3.3. Data jeung Sumber Data

Data nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta prosési tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupaten Bandung. Sedengkeun sumber datana nya éta sakabéh juru rias anu aya di Kacamatan Parongpong, Kabupaten Bandung.

3.4. Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kakumpulkeun tina hasil panalungtikan satuluyna dianalisis maké téhnik déskriptif. Anu didéskripsikeunana nya éta prak-prakkan tradisi kawinan, sarta simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan.

3.5. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah nu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta : 1) tahap tatahar; 2) tahap ngumpulkeun data; 3) tahap ngolah data, jeung 4) tahap nyusun laporan panalungtikan.

3.5.1. Léngkah Tatahar

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan :

1. ngasongkeun judul panalungtikan;
2. nyusun rarancang panalungtikan;
3. ngayakeun survey awal;
4. ngurus surat ijin panalungtikan;
5. ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

3.5.2. Léngkah Ngumpulkeun Data

1. observasi ka lapangan;
2. ngayakeun wawancara jeung juru rias.

3.5.3. Léngkah Ngolah Data

Data nu geus kakumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nya éta

:

1. mariksa data anu geus kakumpulkeun;
2. ngadéskripsikeun data;
3. ngadéskripsikeun simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan;
4. nyieun kacindekkan tina data anu geus kapaluruh.

3.5.4. Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sacara sistematis dina wangun skripsi.

